Pou Piblikasyon Imedya: 29/05/2015 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO ANKOURAJE MOUN AK FANMI YO POU RETE ANSEKIRITE LÈ YAP JWI ESPAS ANNAPLENNÈ NEW YORK YO

Planifikasyon ak Prekosyon Sekirite ta dwe priyorite lè yap anbake nan aktivite anplennè

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te bay konsèy sekirite pou vizitè yo kap pwofite opòtinite lwazi nan New York pandan ete sa a. Eta New York ofri yon laj varyete aktivite pou tout laj ak kapasite, e lè yo pran prekosyon debaz sa kapab rann eksperyans rekreyasyon an pi ansekirite ak pwofitab pou tout moun.

“Apati bèl mòn ak forè a dlo orijinal ak santye randone, New York se kay kèk nan pi gwo destinasyon lwazi anplennè man mond lan,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Mwen ankouraje rezidan ansanm avèk vizitè yo pou pwofite bèl resous natirèl yo ansekirite nan asire ke yo planfiye epi prepare pou move tan ak ijans ke yo pat prevwa. Pran kèk etap senp pou pwoteje sekirite w esansyèl pou pwofite sa ki pi bon lanati gen pou ofri, isit la nan Empire State.”

Chak ane, Gad Forestye Depatman Konsèvasyon ak Anviwonman eta te reponn apèl pou ede moun ki pèdi oswa dezoryante nan zòn rekreyasyon an, kap soufri de blesi oswa ki bezwen èd pwofesyonèl yo. Pandan dènye senkan ki sot pase yo, gad forestye yo te pèfòme yon mwayèn 255 misyon sovtaj ak rechèch chak ane nan tout Eta New York.

Ensidan sa yo gen ladan randonè ki pèdi oswa dezoryante, ijans medikal, ak rechèch pou moun ki pa retounen nan vwayaj yo, oswa ki pa kontakte manm fanmi yo. Jiska dat nan 2015, gad forestye yo te reponn a 96 ensidan konsa, enkli nèf rechèch pandan wikenn Jou Memoryal la.

Komisyonè Depatman Konsèvasyon Anviwonman Joe Martens te deklare, “Sou lidèchip Gouvè Cuomo, New York ap kontinye elaji opòtinite rekreyasyon anplennè pou moun tout laj ak kapasite nan tout New York, apati lapèch ak kanotaj a randone ak kanp. Avèk tanperati cho a, plis moun ap vizite tè eta, sit kan, park ak mas dlo yo pou yon laj varyete aktivite ki enteresan. Lè nou planifye alavans, advantirye anplennè yo ka ede asire yon bèl eksperyans.”

Planifikasyon komsadwa enpòtan pou moun tout laj ak nivo konpetans, sa ki enki sila yo ki prale nan vwayaj randone yonsèl jou, kanotaj, eskisyon oswa avanti plizyè jou nan zòn forè yo. Moun yo kap eseye aktivite pou premye fwa, oswa ki pa abitye avèk zòn lan kote yap fè aktivite a, ta dwe konsidere anboche yon gid. Yon gid ki gen eksperyans pral asire ke moun yo prepare komsadwa, anpeche ke yo pa pèdi epi ede fè vwayaj la fin ansekirite ak pwofitab.

Konsèy pou prepare pou yon avanti anplennè enkli: devlope orè vwayaj; pote ekipman ki apwopriye, enkli gid, kat ak yon bousòl; pote ase dlo ak manje; abiye avèk rad ki apwopriye; vini avèk nimewo telefòn kontak; epi prepare pou jwenn aksè abri, tankou tant, kabin oswa garaj.

Randone:

Planifikasyon vwayaj alavans ta dwe montre kapasite ak eksperyans fizik ou fatig oswa anbake nan yon avanti ki odela kapasite fizik ou oswa eksperyans anplennè. Egalman, asire ke ou gen ekipman sizoka ou ta pèdi, bloke oswa blese. Pote yon chajè telefòn mobil ak batri rechaj, sizoka ou bezwen rele pou asistans. Dispatchè 9-1-1 yo ka souvan kontwole lokasyon ou epi voye èd si nesesè. Mete rad ki cho ak ekipman tankou dlo ak manje kolasyon oswa pil enèji, fach oswa lanp, kouvèti lapli, linèt solèy ak alimèt.

Vwayaje an gwoup oswa avèk yon lòt moun kèlkeswa lè sa posib. Toujou vijilan pou difikilte ou kapab rankontre nan zòn anplennè yo, tankou dife forè, tanpèt toudenkou, kondisyon santye labou ak mouvman rapid dlo. Mete rad koulè ki leje ak pantalon long ansanm avèk chemiz manch long pou pwoteje kont tik ki pote maladi Lyme ansanm avèk lòt kout dan ensèk. Verifye pou tik chak de a twa zèdtan pandan ou deyò epi bwose nenpòt tik ou jwenn anvan yo tache. Fè yon kontwòl konplè plizyè fwa pandan jounen an ak nan fen jounen an pou asire ke pa gen tik ki tache.

Kanotaj ak navigayson plezansye:

Yo ankouraje fòtman tout moun pou yo pote yon aparèy flotasyon pèsonèl kèlkeswa lè yo sou dlo. Lwa eta mande pou timoun yo ki anba laj 12 zan mete yon aparèy flotasyon pandan yo nan yon bato. Egalman, tcheke tanperati a anvan ou ale sou dlo pou aprann plis sou posib tanpèt epi chèche abri touswit nan rivaj si ou tande zèklè.

Konnen kapasite w epi pran prekosyon lè genyen van vyolan oswa stab kap kreye gwo vag, oswa lè ou nan kouran ki fò. Si wap fè kanotaj nan dlo kote ki genyen bato a motè, rete dwat nan litoral la epi andeyò chanèl prensipal yo. Egalman, kanotye ak plezansye bato yo ta dwe byen netwaye, drene epi seche bato a motè yo pou evite espès anvayisan pwopaje.

Dife:

Anvan ou anbake nan yon kan oswa vwayaj yon jou, tcheke tanperati a, enkli, Kat danje dife New York pou aprann sou kondisyon zòn lan. Kembe dife yo ba (pa plis pase 3 pye. longè, 4 pye. dyamèt) epi sèvi avèk bag kan ki deja egziste lè li disponib. Pa kite okenn dife san siveyans etènn nenpòt dife lè ou awoze l avèk dlo, epi re-awoze l yon dezyèm fwa.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418